



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, LIDÈ MAJORITÈ A STEWART-COUSINS AK PREZIDAN HEASTIE ANONSE ENTWODIKSYON YON PAKE LEJISLATIF POU RANFÒSE LWA SOU ZAM NEW YORK YO

Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majoritè a, Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Carl Heastie te anonse jodi a ke yo te entwodui dis pwojè lwa nan Asanble ak Sena a alafwa ki ta ranfòse lwa sou zam New York yo, konble vid yo epi abòde dirèkteman pwoblèm mank legal nou yo ki ekspozè pa fiziyad tèrib sa nan Buffalo, Texas ak toupatou nan peyi a. Pwojè lwa yo ta: egzije pataj enfòmasyon ant ajans eta, lokal ak federal yo lè yo itilize zam yo nan krim; fè menas krim an mas yon krim; egzije yon so pou nouvo zam yo; ogmante responsablite platfòm rezo sosyo yo; elimine dwa aki pou dispozitif alimentasyon gwo kapasite yo; entèdi acha jilè pabal pou nenpòt moun ki pa angaje nan yon pwofesyon ki kalifye; ranfòse Endis legal yo lè nou elaji lis moun ki ka depoze yon Odonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm, ak lòt mezi; egzije ke yon moun gen yon lisans, ak yon minimòm 21 an, pou achte yon zam semi-otomatik; epi konble tout lòt vid "sou zam" yo.

"Nan mwa ki pase a, de fiziyad an mas nan Buffalo ak nan Texas te frape peyi sa nan kè nou epi fè yon nouvo limyè sou bezwen ijan pou aksyon pou anpeche trajedi alavni," **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York deja gen kèk lwa sou zam ki pi solid nan peyi a men nou dwe klèman fè yo vin pi solid toujou. Nouyòkè yo merite santi yo an sekirite nan lekòl, nan magazen, nan sinema, nan sant komèsyal, ak nan lari nou yo -- epi nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou pwoteje yo. Lè nou travay depre ak Lidè Majoritè Stewart-Cousins, Speaker Heastie, ak tout patnè nou yo nan lejislati a, n ap ranfòse lwa sou zam nou yo, ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite, bay fòs lòd yo zouti yo bezwen pou anpeche krim, epi sispann pwopagasyon zam danjere yo. Pandan New York ap pran devan yon lòt fwa ankò, nou kontinye ankouraje gouvènman federal la pou sezi opòtinite sa epi adopte lwa sou prevansyon vyolans ak zam nasyonal ki enpòtan an."

"Peyi nou an rive nan yon moman pou li rann kont akoz zam lagè ki te twò fasil pou moun k ap chèche touye yo gen aksè nan yo," **Lidè Majoritè a Stewart-Cousins te deklare.** Zam sa yo te fè plas nan kominote tankou lekòl, magazen, mezon adorasyon, ak konsè, tounen plas pou masak. Nan moman devastan sa yo nan New York ak atravè peyi a, nou te travay ak Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie, ak manm Lejislati Demokratik la pou leve kanpe epi voye yon mesaj ke chemen vyolans ak zam nan pa akseptab epi nou bezwen chanjman ki reyèl."

"Sèlman 10 jou separe fiziyad an mas la nan Buffalo ak nan Uvalde ki pran lavi 31 moun. Pa gen okenn lòt kote nan mond lan sa ap pase. Nou gen bezwen dezespere pou yon konvèsasyon sou zam, men nou gen bezwen dezespere aksyon tou." **Prezidan Carl Heastie, te deklare.** "Isit la nan New Yor, nou pare pou aji. Lè nou travay ak patnè nou yo nan Sena a ak Gouvènè Hochul, nou te mete ansanm yon pake lejislasyon pou abòde pwoblèm vyolans ak zam lan. N ap ranfòse lwa sou siyal nou yo pou sila ki reprezante yon risk pou tèt yo ak lòt moun pa pase nan may sistèm lan. N ap retire vid ki pèmèt dispozitif alimantasyon minisyon gwo kapasite yo, rann li pi difisil pou achte jilè papal epi travay pou abòde wòl rezo sosyo jwe nan vyolans epi aji kont tèworis lokal. Lis lan kontinye pi lwen. Mwen espere ke yon jou n ap wè fen vyolans ak zam tèrib la nan peyi sa. Men jiska moman sa, m ap kontinye goumen."

Pake lejislatif la genyen ladan l:

A.1023-A (Paulin)/S.4970-A (Kavanagh)

Egzije tout ajans aplikasyon lawa eta ak lokal yo pou rapòte zam yo sezi oswa rekipere yo nan sant echanj zam kriminel la; patisipe nan pwogram pataj dona kolektif ATF yo; teste zam yo sezi oswa rekipere yo pou Rezo Enfòmasyon Balistik (Ballistic Information Network) entegre nasyonal la; epi, fabrikasyon, modèl, kalib, ak nimewo seri zam nan sant enfòmasyon sou krim nasyonal la. Egzije tou pou machann zam yo mete anplas yon plan pou sekirize zam, fizi ak zam chas; entèdi moun ki gen pi piti pase dizuit tan epi ki pa akonpaye pa yon paran nan kèk kote nan lokal yon machann zam; bay fòmasyon pou tout anplwaye sou kijan pou manevre zam, fizi, ak transfè zam lachas, ki enkli kijan pou idantifye epi reyaji ak acha ilegal yo; respekte egzijans konsèvasyon dosye yo; epi egzije lapolis Eta a pou mennen enspeksyon sou machann zam yo chak twa zan.

A.6716-A (Wallace)/S89-B (Kaminsky):

Kreye krim pou fè menas zak sou mas epi rann li yon krim grav pou fè yon menas zak sou mas.

A.7926-A (Rosenthal, L)/S.4116-A (Hoylman):

Egzije DCJS pou sètifye pistòlè ki gen mikwo-so yo pratik sou plan teknolojik epi si yo sètifye kòm pratik, pou tabli pwogram epi pase nan aplikasyon teknoloji sa; epi tabli li kòm yon krim pou vann yon zam ki pa gen mikwo-so a nan fason ilegal

A7865-A (Fahy)/ S.4511-A (Kaplan):

Egzije rezo sosyo nan New York yo bay yon politik klè epi presi konsènan fason yo ta reponn ak ensidan sou konduit lahèn sou platfòm yo epi kenbe mekanis ki aksesib pou rapòte konduit lahèn sou platfòm sa yo

A.10428-A (People-Stokes)/S.9229-A (Hoylman):

Elimine dwa akizisyon dispozitif alimantasyon gran kapasite yo ke yo te posede legalman anvan adopsyon Safe Act la oswa ki te fabrike anvan 1994.

A. 10497 (Jacobson)/S.9407-B (Kavanagh):

Rann li ilegal pou achte epi vann jilè pabal pou nenpòt moun ki pa angaje nan yon pwofesyon ki kalifye. Pwofesyon ki kalifye yo genyen ladan yo ofisye fòs lòd ak lòt pwofesyon Depatman Deta (Department of State) a deziyen nan konsiltasyon ak lòt ajans yo. Egzije tou ke tout vant yon jilè pa bal fèt an pèsòn.

A.10501 (Meeks)/S. 9465 (Bailey)

Kreye yon nouvo Gwoup Travay sou Rezo Sosyo ak Ekstremis Vyolan nan biwo Pwokirè Jeneral la pou etidye epi fè investigasyon sou wòl konpayi rezo sosye nan pwomosyon ak fasiliteyasyon ekstremis vyolan ak tèworis nasyonal anliy.

A. 10502 (Cahill)/S. 9113-A (Skoufis):

Elaji kantite moun ki ka depoze yon demann Ôdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order, ERPO) pou antre pwofesyonèl swen sante ki te egzaminen moun nan, nan sis dènye mwa yo; egzije lapolis ak pwokirè distri yo depoze demann ERPO ak enfòmasyon ki kredib ke yon moun gen chans pou angaje nan konduit ki ta lakoz konsekans grav pou tèt li, oswa lòt moun; egzije Lapolis Eta a ak Konsèy Fòmasyon Polis Minisipal la (Municipal Police Training Council) kreye epi pwopaje politik ak pwosedi pou idantifye lè yo ka akòde yon demann ERPO; modifiye estati lisans zam pou rann li klè ke yon moun te repòte pa yon pwofesyonèl sante epi ke yon komisè sante montal konte te dakò ak pwofesyonèl sa ke moun nan gen chans pou angaje nan konduit ki ta lakoz li fè tèt li mal oswa lòt moun, y ap konsidere rapò sa pou detèmine si pou bay yon lisans zam oswa non a moun nan; epi, ogmante pwofesyonèl sante ki ka fè rapò sa.

A10503 (Jackson)/S. 9458 (Thomas):

Egzije pou yon moun gen yon lisans anvan li achte zam semi-otomatik. Sa se pou pwoteksyon epi li aplike pou acha ki fèt nan dat lwa a anvigè a ak apre.

A. 10504 (Burgos)/S. 9456 (Sepulveda)

Elaji definisyon yon "zam" pou antre tout zam ki pa defini nan Lwa Penal la ki fèt pou tire oswa ki ka konvèti fasilman pou tire yon pwojektal pa aksyon yon eksplozif. Sa gen objektif pou kapte zam ki te modifiye yo pou tire depi anba bra a, ki soti nan definisyon aktyèl zam ak fizi yo.

###